


ANN BAY LODYANS 9

Se Bryant Freeman
("Tonton Liben") ki
pare ti liv sa a.



PM
7854
.H39
A56
2000
v. 9

AYITI SE PÈP AYISYEN

Enstiti Etid Ayisyen - Inivèsite Kannzas
Bon Nouvèl
Fondasyon Alfa Lwès
2000

PM
7854
.H39
A56
2000
v. 9

MARYAJ MALIS TWOUKOUKOU

Vwala se Malis ki gen yon sèl foli pou li marye ak yon bèl prensès. Men tout moun t ap pase l nan rizib. Yo te konn di l: “Monchè, ou twò raz, ou twò lèd pou ou marye ak prensès la.” Li te reponn: “Enben, m ap fè nou tout sezi. N a wè sa!”

Malis reflechi pou l jwenn yon solisyon. Li tèlman damou pou manmzèl, li santi l ap fou si l pa marye ak li. Alafen li deside al kot wa a pou l mande l pou ti dam lan. Wa a gade Malis delatètopye. Li souri, epi li di l: “M pa gen pwoblèm pou m marye ou ak pitit fi m lan. Men anvan, ou ap rann mwen yon sèvis. Gen yon kalite bèl tè wouj ki genyen kay djab nan Twoukougou.



Pote sèt sak ladan ban mwen, epi prensès la ak tout wayòm lan ap pou ou.”

Jan nou konnen, pa gen yon moun ki al kay djab Twoukougou ki janm retounen. Men pa gen pwoblèm, Malis monte chwal li, epi li pati. Lè l rive kay djab yo, solèy la t ap desann dèyè mòn


lan. Li mande dòmi. Gran djab la fè Malis antre al manje ak fanmi an. Jou sa a se pa t ti kontantman ki te gen kay djab la. Gen lontan yo pa t jwenn yon vyann fre kon sa. Yo chak gentan ap reflechi sou ki moso y ap pran.

Vè pita, manman gran djab pran Malis pou al montre l ki kote l ap dòmi. Se sou yon gwo tonton kabann yo mete l dòmi nan mitan dis pitit gran djab la. Kon granmoun lan sispèk Malis dòmi, li vini ak yon mouchwa wouj, li vlope l nan kou l. Malis tann li ale, li chanje plas ak pi gran jennjan djab la, epi li mete foula a nan kou l.

Kon minwi sonnen, Malis tande yon pil bri etranj. Gran djab la ak madanm li rantre nan chanm lan ak yon lanp. Yo gade, epi yo wè moun ak mouchwa wouj la. Yo peze kou moun ak foula a jous li toufe, epi yo ale. Nan denmen maten, Malis leve. L al di yo: “Mezanmi, mèsì anpil. M gen lontan m pa gen yon bon nwit kon sa.” Granmoun lan ap pile kafe, li vloup li kanpe. Li tanmen tranble. Kanta gran djab la, li kouri al nan chanm timoun yo. Se lè sa a li wè se pwòp pitit pa yo yo te toufe. Yo sèmante y ap regle ak Malis kanmenm.




Tout moun pran lapenn, men nou konnen djab yo pa konn tere mò. Yo fè yon gwo bouyon ak li, epi yo kite yon zo pou yo fè poud. Poud zo yon djab se pi gwo pwazon ki genyen. Gran djab la al nan jaden, li simen poud sou yon melon. Li retounen lakay, epi li mande Malis pou al cache melon an pou li.



Malis pa pran nan pyèj la. Yon ti kadè, li tounen san anyen. Djab la di l: “Enben monkonpè, ou pa jwenn melon an?” Malis di: “Wi, men li pa vle vini. M rele l twa fwa, li pa souke kò l menm. Lakay pa m, lè ou rele yon melon, sou twazyèm kout rèl la, li toujou vini. Men melon sa a malelve. Li pa renmen fòm tèt mwen. Mwen kite l an repo.”

Gran djab la sezi. Li poko janm kontre yon nonm sòt kon sa. Pandan l ap cache lòt jan pou l pran Malis, li tande yon rèl nan jaden an. Se youn nan ti djab yo ki te touche melon an e k ap tòde anba yon kolik. Li mouri soulechan.

Wouy! Djab la gen pwoblèm. Fwa sa a, li mete yon rejim fig mi pwazonnen nan mitan wout la, epi li voye Malis cache yon wou li te bliye nan jaden an. Lè Malis parèt ak wou a, djab la sezi. Li mande l: “Enben, ou jwenn wou a?” Malis reponn:



“M te pran direksyon jaden an, men mwen wè yon bèl rejim fig mi ki bare wout la. M di l ban m pase, li pa vle. Mwen pa moun peyi isit, mwen pa t vle nan kont avè l. Konsa, m rele youn nan timoun ou yo. Li pote wou a pou mwen. Mwen vin pote l ba ou. Yo menm, yo rete ap manje pat fig la.”

Granmoun yo kouri al nan jaden. Yo rive sove de nan timoun yo. Lòt yo te gentan tou vyolèt. Yo pa t ka fè anyen pou yo. Yo mouri senk minit apre. Manman djab la di pitit li: “Mande vwayajè a sa l bezwen pou ou fè l ale. Nou p ap jwenn bout li. Si se pa sa, n ap pèdi tout timoun yo.” Malis gade yo tankou yon ti inosan: “O wi, m prale. Men anvan, m ta renmen plen sèt sak ak tè wouj ou a.” Yo fè yon ti konbit, you tout mete men pou plen sak yo byen vit. Yo tou fè l kado yon bourik pou pote sak yo, tèlman yo te bezwen l ale.



Malis rive lavil la ak sèt sak tè wouj yo. Tout moun kanpe sou de ran pou gade l tankou si se te yon zonbi. Lè wa a wè l ap rantre nan palè a ak bourik la devan l, li sezi. Wa a mouri toufe, tèlman li te fè move san. Konsa, Malis marye ak bèl prensès la, e tout wayòm lan te pou li.

Mari Dyevela Seza

BOUKI AK TI BÈF

Yon maten, Bouki chita anba yon pyebwa. L ap pran van. Ti bèf vin ap pase. Li t ap mache vit, paske li te wè Bouki. Li te pè pou Bouki pa t wè l. Men, Bouki rele l byen fò: “E ti bèf, ou soti bonè. E sitou, ou byen maledve. Kouman ou fè pa menm vin di tonton ou bonjou? Kote ou prale konsa?”



Ti bèf rete, men li te tèlman pè, li pa pwoche kote Bouki. Li bay nouvèl tout moun lakay li. Li di manman l voye l al fè konmisyon. Bouki fè yon ti ri anba lòv. Li ajoute: “Piske neve m pa vin wè m, mwen pral wè neve m. Men, pou m al wè l, fòk li di m kote li rete.”

Ti bèf pa sòt. Li di l konsa: “Tonton Bouki, nou rete nan sous la, pre gwo mapou a, men mwen menm, lannwit, mwen dòmi enpe pi lwen, sou bò ravin lan, anba pye kayimit la.” Bouki reponn: “Mèsi. Yon jou pandan m ap flannen, m ap pase wè ou.”

Ti bèf repati avèk yon pa deside. Bouki kontan. Li konnen li pral jwenn yon bon vyann pou l pare festen. Men Bouki pa t konn ti bèf twò byen. Li pral lage tèt li nan pyèj ti bèf pare pou li a.

Yon jou swa, Bouki di madanm li: “Limèn yon gwo boukan dife. Yon lòt ti moman, m ap retounen avèk yon ti bèf byen gra, byen anfòm.” Bouki kouri pou li kapab rive vit. Le l rive pre pye kayimit la, san l tresayi. Li tande yon bagay k ap wonfle. Li avanse tou dousman sou pwent pye l, pou l al vòlè ti bèf pou l al manje l. Pandan li bese pou pran ti bèf, li santi de pwent pye byen pwenti ki tonbe sou figi l. Yon sèl kou te mete l an san. Se pa ti bèf ki te reveye, se te tig la ki te reveye.

Bouki koupe chemen antravè jis li rive lakay li. Lè l rive, madanm li bay Bouki yon bon te tibonm. Li lave blese yo avèk ji sitwon. Li mete fèy kayimit e bwamajò sou yo. Lè l fini, li bande yo avèk ekòs sapoti mawon, epi Bouki te andòmi.



Pandan pipirit t ap chante nan denmen maten, ti bèf ki konnen nan ki bon pyèj li pran Bouki, vin pase devan pòt kay Bouki. Lè l wè tèt Bouki tou vlope, li parèt kouwè li te prèt pou l kriye. Li di:

“Bonjou, tonton.” Bouki reponn byen move:
“Bonjou, mesye.” Konsa ti bèf di: “O tonton, se
pa janti ditou. Ou rele m mesye, mwen menm ki
konsidere m kouwè pitit ou.” Bouki pa di yon mo.
Ti bèf di: “Enben tonton, m ale, wi, paske m wè ou
sanble ou fatige.”

Lè ti bèf te byen lwen, Bouki rele madanm li. Li
di l tou piti: “Ou wè ti bèf la. Lajounen li sanble
yon ti bèf byennelve, men, lannwit al touche l
sèlman. Se lougawou li ye, lannwit li vin tig!”

Jòslen Jozèf, Pòtoprens

TOUT KALITE KAFE

Gen de moun andeyò ki vini lavil. Yo chita nan
yon ti restoran. Gason an mande yo: “Èske nou
ta pito kafe ayisyen oubyen kafe ameriken?” Yo
sezi. “Mezanmi, yo gen tout kalite kafe isit la!”

Youn di: “Pote yon kafe ayisyen ban mwen,
souple.” Lòt la di: “M ta vle seye lòt bagay. Pote
yon kafe ameriken ban mwen, souple.” Gason an
reponn: “Touswit!”

Aprè yon ti moman, gason an rive ak de tas.
Pou youn li bay yon gwo tas, pou lòt li bay yon ti
tas. Epi, ak gran seremoni, li vide kafe a nan
toulede tas yo - soti nan yon sèl kafetyè.

CHASÈ A AK OUNGAN AN


Vwala te gen yon msye, se lachas ki te metye li. Msye te pòv anpil. Li te gen yon sèl pitit fi madanm li te mouri kite tou piti.

Se twouve vin gen yon sechrès nan zòn lan. Mizè, grangou mete pye. Tout zwazo fin ale. Yon jou msye al lachas. Li pase tout jounen an, men li



pa jwenn anyen. Devenn pou li, lè pou l retounen lakay, yon gwo lapli tanmen tonbe. Nan chache yon twou pou l pare, je l vin tonbe sou yon ti limyè byen lwen. Li swiv li jous li rive anba yon touf bwa. Li sezi wè yon bè kay.

Pòt la te louvri. Li wè yon men ki fè l siy po l antre. Malgre se men an sèlman msye te wè, li pa poze okenn keksyon pou konnen kote rès kò a ye. Konsa li antre




vre. Piske li te mouye, men an ba l lòt rad chèch pou l mete sou li. Men an mete manje sou tab pou li, epi li montre l yon bèl chanm. Msye manje vant deboutonnen, epi l al kouche.

Denmen maten, lè msye reveye, yon bòl soup byen cho t ap tann li. Li manje manje l. Lè l fini, li pran rad pa l yo mete sou li. Li di mèsì, epi li pran wout lakay li. Kon chasè a pral soti, li tande yon vwa ki rele l. Li kase tèt tounen. Se atò li tande yon vwa ki di l: “Se oungan m ye, epi m ap ba ou yon sekre. Se lavi ou, se lanmò ou tou. Fè atansyon, jou ou di yon moun sa, ou fini. Ou tande byen?”

Vwa a patko fin pale, yon lonbray pwoche kot msye a, li soufle twa fwa nan tiyo zòrèy li, epi li disparèt. Msye pa t konprann anyen, men li di mèsì kanmenm, epi l ale.

Pandan msye ap kite baryè oungan an, li tande yon manman chovsourit k ap di: “Ey, timoun! Vin wè oungan an te bay pouvwa pou konprann langaj zannimo yo.” Chasè a di: “O! o! se sekre sa oungan an ban mwen an. Sa m bezwen konnen nan pawòl zannimo yo!...”

Aprè yon bon mache, msye a bouke. Li chita sou yon wòch pou



fè yon ti poze. Yon manman chwàl vin ap pase ak pitit li. Li di: “Gade kouman yon nèg sòt! Li chita sou yon ja lajan, epi li pa fè anyen.” Ti chwàl la reponn: “Enben, manman, li dwe pa konn sa.”


Lè msye tande sa, li prese woule wòch la. Li jwenn yon gwo kannari plen lajan. Li tann li fè nwa, epi li bwote tout mete lakay li. Se konsa chasè a vin grannèg. Li vin alèz kou Blèz, li bati yon bèl kay. Tout moun t ap poze keksyon pou konn kote richès sa a soti. Li pa janm ka di anyen. Menm pitit fi l la, li pa t ka avwe sa. Sa te fè l mal, paske li renmen pitit la anpil. Men oungan an te pale l klè. Jou l devwale sekre a, l ap mouri. Sa fè li blije fèmen bouch li.

Yon jou msye te nan depo a ansanm ak pitit la. Li tande de rat k ap pale. Chasè a koute yo, epi li kase yon gwo kout ri. Tidam lan siprann, li mande papa l sa k pase. Podjab, malere a pa t ka reponn anyen. Chak fwa, se konsa. Tifi a vin ap mande si papa l pa t pèdi yon fèy. Men alafen, li vin konprann, papa l pa pèdi pyès fèy, se yon sekre li genyen. Manmzèl sèman te fò l dekouvri sekre sa a. Li lage de gidon nan kò papa l. Pandan plizyè fwa, msye manke avwe l. Men kon l sonje sa oungan an te di l, kè l kase.



Nan denmen, msye leve, li pran kèk zepi mayi, li soti nan lakou a. Tout bèt volay yo kouri nan pye l vin manje. Chasè a te koute de kòk ki t ap pale. Gen youn ki di: “Gade mèt nou! Li tèlman sòt, li prèt pou kite tifi l la touye l. Poukisa li pa ba li yon bèl kal? Li ta wè! An verite, li t ap korije pou tout lavi. Li t ap sispann poze keksyon.”

Chasè a souke tèt li, li di: “Se vre, wi!” Tifi a ki te gentan kanpe bò kote l la, e ki pa konprann anyen nan sa bèt yo t ap di a, di li: “Papa, se jodi a ou ap ban m sekre a, wi!” Bridesoukou, papa a deside swiv konsèy kòk la. Li di l: “Al tann mwen nan chanm ou, m ap vini.”



Manmzèl kontan, li di nan kè l: “M te deja konnen papa m pa t ap kache m anyen!” Yon ti kadè, papa a debake sou li. Baf! baf! “Men sekre a! Men li!” Baf! baf! Se rele manmzèl ap rele, men depi jou sa a, li korije.

Se nan zòn lan mwen t ap pase, yo rakonte m koze a. Mwen di: “Se bon pou li! Timoun fèt pou poze keksyon, men twò fouyapòt pa bon.”

YON PÈ SOULYE POU KONPÈ TIG

Yon jou konpè Kabrit te grangou. Konsa li limen yon boukan dife pou boukannen kèk patat. Lè flanm lan kòmanse monte, se konsa konpè Kabrit remake yon lonbray nan zòn lan. Li mande: “Kilès sa? Sa ou vin chache bò isit la?” Yon gwo vwa reponn: “Se mwen, marechal Chen. M vin manje patat. Debouye ou pou yo kwit vit, paske m grangou. Si ou ta fache pou sa, m ap manje ou tou.”



Kabrit se nèg ki pridan. Lè li fin wè de ranje kwòk dan mouche Chen, li reponn: “O non, konpè Chen, m pa ta ka fache ak ou pou de ti patat. Okontrè menm, fè yon ti chita non, m ap debouye m pou yo kwit byen vit.”



Pandan sa, Bouki t ap pase nan zòn lan. Sant patat yo rale l mennen vin jous

kot mesye yo. “Ouch! Ala santi bon! Sa n ap fè la, mesye?” Chen kouri reponn: “Se konpè Kabrit k ap pare kèk patat boukannen pou mwen la a.” Bouki souke tèt li, li di: “Se byen. Mwen pral manje patat yo pou kòmanse, apre sa m a regle ni ak ou menm, konpè Chen, ni ak konpè Kabrit.”

Bouki chita, l ap tann patat yo kwit. Se konsa konpè Tig vin ap pase. Li wè boukan an, epi l antre wè sa k genyen. Li gwonde: “Kisa k genyen la a? Kisa n ap kwit konsa?” Konpè Kabrit reponn: “Se kèk patat m ap boukannen la a. Konpè Chen vin parèt pou pran yo nan men m. Apre sa, se Bouki ki pwente. Se tann l ap tann mwen fin boukannen yo la pou l ka manje ni patat, ni konpè Chen ak mwen.”



Kompè Tig griyen tout dan l: “Enben, si se konsa, depeche ou fini ak patat yo pou Bouki manje, paske se dèyè l mwen vin la. Si se volonte l, nou pa ka refize l dènye satisfaksyon sa a.”

Kabrit leve pou al vire patat yo. Zago l fè kow kow sou wòch yo. Kompè Tig mande l: “Ki kote ou jwenn pè soulye sa yo? Ala bèl yo bèl! Di m vit, non!” Kabrit reponn: “Se

mwen menm ki fè yo, wi. Si sa ta fè ou plezi, m ta ka fè yon pè pou ou. Malerezman, materyo yo pa fasil.” Tig mande: “Kisa ou bezwen pou fè l? Yo envite m nan yon bal kay Monwa. M ta renmen gen soulye tankou sa yo pou m ka fè kow kow lè m ap mache.” Kabrit reponn: “M ap bezwen kwi janm dwat konpè Bouki, ak de venn pye konpè Chen pou fè lasèt yo.”

Konpè Kabrit poko menm fin site non Bouki, msye vole tonbe lòt bò baryè a. Chen pwofite sove tou. Konpè Tig, ki pa soti pou pèdi bèl pè soulye l la, plonje dèyè mesye yo. Pandan sa, Kabrit chaje tout patat yo, li mete yo nan djakout li, epi l al fè wout li.

Aprè yon moman, konpè Tig tounen: “Konpè Kabrit, kote ou? M poko jwenn venn pye konpè Chen yo. Tanpri, kenbe kwi janm Bouki a pou mwen toujou.” Konpè Kabrit te gentan rive nan mitan lanmè. Li ri: “Kwa! kwa! kwa! Depi kilè ou te konnen m te kòdonnye? Èske se tout bon ou te kwè nan istwa sa a vre? Jan m panse ou te gen lespri! Enben, ou konn sa k rive, ou mèt tann mwen. M pral rele konpè Lyon pou l vin pran mezi pye ou. Se li ki konn fè soulye.”

Mezanmi, konpè Tig tonbe kriye tèlman li sezi. Depi konpè Lyon te fin manje manman konpè Tig,

mesye yo pa janm zanmi. Konpè Kabrit konn sa byen. Kounye a konpè Tig pèdi ni sak ni krab. Li rele byen fò: “Kabrit, ou mèt ale, ou ap peye m sa, tande! Te mèt se nan ven oubyen trant an.”

Se depi lè sa a, ni Chen, ni Tig, ak tout fanmi yo vin lènmi ak Kabrit.

Mari Dyevela Seza

DE VÒLÈ AP PALE

Premye Vòlè: Monchè, kouman ou te fè sove kò ou lè lapolis t ap kouri dèyè ou la?

Dezyèm Vòlè: Enben, tokay mwen, pa t gen pwoblèm menm. Mwen kouri rantre nan lakomin. M chita sou yon chèz. M leve de pye mwen mete sou yon biwo, epi m ap li jounal la. Konsa lapolis pran m pou yon fonksyonè Leta.

KU BOOKSTORES \$2.00

0-8400-5117-4



9 780840 051172



50200

FREEMAN, BRYANT
ANN BAY LODYANS VOL.9

GCON

02/23/01

**TOUT MOUN KONN LI.
DUT MOUN KONN EKRI.**